

Nimewo 136

DEKRÈ EGZEKITIF

ETABLI PREMYE INISYATIV TRAVAY NEW YORK POU OGMANTE TRAVAY POU NOUYÒKÈ YO KI GEN DEZABILITE

ALÓSKE, Nouyòkè ki gen dezabilite yo reprezante yon pousantaj enpòtan nan popilasyon jeneral eta ak eksperyans de fason dispwopòsyonèl nan fèb nivo travay; e

ALÓSKE, Nouyòkè yo ki gen laj travay, enkli sa yo ki gen dezabilite, yo ta dwe ankouraje ak sipòte yo pou kontribye nan ekonomi eta; e

ALÓSKE, travay konpetitif entegre se yon eleman enklizyon nan kominote a e lap amelyore kalite lavi pou moun yo ki gen dezabilite; e

ALÓSKE, anboche yon moun ki gen dezabilite satisfè bezwen anplwayè a e li kontribye nan yon mendèv divèsifye; e

ALÓSKE, New York bay priyorite a travay konpetitif entegre kòm rezilta prefere pou Nouyòkè yo ki gen laj travay ki gen yon dezabilite; e

ALÓSKE, New York ap chèche pou ogmante pousantaj moun ki gen dezabilite ki angaje nan yon travay konpetitif entegre;

ANKONSEKANS, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York konfòmman ak otorite Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York te ban mwen, òdone sa ki annaprè yo:

A. Definisyon

Jan tèms sa yo itilize nan dokiman sa a, yo dwe gen siyifikasyon ki endike anba la a:

1. “Ajans Eta” oswa “ajans” dwe vle di nenpòt ajans eta, depatman, biwo, konsèy administrasyon, biwo, divizyon, komite, konsèy oswa fonksyon.

2. “Otorite” oswa “otorite” dwe vle di yon otorite piblik oswa sosyete avantaj piblik nenpòt lwa Eta New York kreye oswa ki egziste, avèk youn oswa plizyè manm Gouvènè a deziyen, oswa k ap travay kòm nanm paske yo gen yon fonksyon sivil Eta New York, ki diferan avèk yon otorite entè-eta oswa avèk yon otorite entènasyonal oswa ki diferan avèk yon sosyete piblik, tankou nenpòt filyal otorite piblik la oswa sosyete avantaj piblik la.
3. “Travay konpetitif entegre ” ap vle di travay:
 - a. nan yon mache travay konpetitif ki pèfòme sou baz aplentan oswa atanpasyèl nan yon anviwonman entegre; e
 - b. pou sa moun lan touche yon konpansasyon nan oswa piwo salè minimòm lan, men pa mwens pase salè abityèl la ak nivo benefis anplwayè a peye pou menm oswa travay sanblab ki pèfòme pa yon moun ki gen yon dezabilite.
4. “Anviwonman entegre” ap vle di yon sitiyasyon travay kote chak moun ki anplwaye gen yon dezabilite jwenn opòtinite egal pou entèaji avèk kolèg yo ki pa gen dezabilite. Moun yo ki resevwa yon salè pou bay sèvis pou sipòte travay moun yo ki gen dezabilite pa enkli lè yap evalye entegrasyon.

B. Premye Komisyon Travay

1. Li te etabli la premye Komisyon Travay (“Komisyon an”) pou bay oryantasyon ak konsèy a Gouvènè a osijè travay konpetitif entegre pou moun ki gen dezabilite yo.
2. Manm Komisyon an se sa ki annaprè yo Sekretè Adjwen Gouvènè a pou Sante; Sekretè Adjwen Gouvènè a pou dwa sivil; Sekretè Adjwen Gouvènè a pou sèvis imen; Ofisye anchèf Divèsite; konsèy avoka Gouvènè a; Direktè Bidjè a; Komisyonè pou Twoub nan Devlopman ; Komisyonè Sante; Komisyonè Sante Mantal la; Komisyonè pou Alkòl ak Sèvis Abi Sibstans; Komisyonè Sèvis Timoun ak Fanmi; Komisyonè Travay; Komisyonè Devlopman Ekonomik; Komisyonè Transpòtasyon; Komisyonè Asistans Tanporè ak Dezabilite; Direktè Afè Veteran; Direktè Biwo Eta pou moun ki Aje; ak Direktè Egzekitif pou Sant Jistis pou Pwoteksyon moun ki gen bezwen spesyal yo. Yo dwe deziyen lòt manm nan Konsèy la sou desizyon Gouvènè a.
3. Komisyon an pral travay an konsiltasyon avèk Komisyonè Edikasyon an.
4. Gouvènè a dwe deziyen Prezidan Komisyon an pami manm Komisyon an.
5. Chak manm nan Komisyon an ka deziyen yon anplwaye pou reprezante li epi pou patisipe nan Komisyon an sou non li. Komisyon an dwe reyini osi souvan ak jan li nesèsè epi nan sikonstans ki apwopriye pou pran responsablite yo anba seksyon sa a.

C. Koperasyon avèk Komisyon an

1. Chak ajans ak otorite Eta New York dwe bay Komisyon an kalite enfòmasyon, asistans ak kolaborasyon, tankou itilizasyon enstalasyon Eta, ki nesèsè yon fason rezonab pou reyalize objektif Dekrè sa a.
2. Pèsonèl sipò ki nesèsè pou jere travay komisyon an kapab bay ajans eta ak otorite yo (sa depannde apwobasyon konsèy direktè otorite yo).

D. Fonksyon ak Objektif

1. Komisyon an ap fè rekòmandasyon a Gouvènè a osijè aplikasyon travay konpetitif, entegre kòm premye opsyon pou moun ki gen dezabilite yo. Nan fè kalite rekòmandasyon sa yo, konsiderasyon Komisyon an pral gen ladan, men li pa limite, a sa ki annaprè yo:

- a. Revize sipò travay ki disponib ak sèvis yo, enkli opòtinite pou aliye règleman ak pwosedi yo pou amelyore aksè pou kalite sipò sa yo ak sèvis;
 - b. Idantifye règleman ak pwosedi ki kreye obstak oswa dekouraje moun ki gen dezabilite yo pou travay ak fason pou redwi oswa elimine kalite obstak oswa dekourajman yo;
 - c. Asire ke strateji devlopman mendèv eta bay moun ki gen dezabilite yo, enkli strateji pou ogmante opòtinite pou anboche moun ki gen dezabilite yo nan sektè prive a, sektè piblik, ak nan antite ki gen kontra avèk eta;
 - d. Priorize opòtinite pou etidyan yo ki gen dezabilite fè tranzisyon soti nan anviwonman edikasyon pou rive a travay konpetitif entegre kòm premye opsyon; e
 - e. Elaji itilizasyon done pou mezire travay Nouyòkè yo ki gen dezabilite ak devlope yon mekanis pou rapòte kalite enfòmasyon an.
2. Nan pran responsablite li anba Dekrè sa a, Komisyon an dwe chèche oryantasyon ak espètiz moun ki konsène yo, tankou, men pa sèlman, òganizasyon k ap bay sipò sou non moun ki gen dezabilite yo, òganizasyon kap defann moun ki gen dezabilite yo, founisè sèvis pou moun ki gen dezabilite yo, asosyasyon ki konsène avèk lojman ak travay pou moun ki gen dezabilite yo, asosyasyon biznis, chanm komès, enstitisyon akademik ak gouvènman lokal, epi yo dwe mande patisipasyon piblik la.
3. Komisyon an pral kòmanse travay li imedyatman. Nan dat 1 mas 2015, Komisyon an dwe soumèt yon rapò final ba Gouvènè a, pou bay rekòmandasyon li te fikse, nan ki dat Komisyon an dwe sispann travay li ak sispann tout responsablite ak wòl li la. Anvan dat sa a, Konsèy la dwe bay rapò siplemantè pou Gouvènè a sou aktivite li yo, rezilta li yo ak rekòmandasyon li yo ak kowòdinasyon pou kontinye objektif Dekrè sa a tanzantan, selon enstriksyon Gouvènè a oswa reprezantan Gouvènè a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan sizyèm jou mwa septanm

nan ane de mil katòz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a